


Lisdatant pou lekòl segondè  
ak lekòl presegondè



# Kesyon yo Poze Souvan

**Sou ki lisdatant pitit mwen an ye kounye a?** Pitit ou an ap sou lisdatant otomatikman pou tout pwogram li te klase pi wo nan aplikasyon lan pase pwogram kote yo te fè òf la. Paegzanp, si pitit ou a te jwenn yon òf nan twazyèm chwa li, li ap nan lisdatant pou pwogram li te klase kòm premye ak dezyèm chwa li. Si pitit ou a te jwenn yon òf nan pwogram li te mete kòm premye chwa li a, li pa sou okenn lisdatant otomatikman.

**Èske m ka ajoute pitit mwen an sou plis lisdatant?** Wi! Ou ka ajoute pitit ou a sou lòt lisdatant, menmsi ou te mete pwogram sa yo sou lis nan aplikasyon orijinal li a, menmsi ou pat mete yo. Ou ka ajoute pitit ou a sèlman sou lisdatant pwogram li elijib pou yo.

**Kòman mwen ka ajoute pitit mwen an sou lisdatant?** Ou ka ajoute pitit ou a sou lisdatant sou entènèt nan MySchools ([🔗 MySchools.nyc](https://www.myschools.nyc.gov)), atravè lekòl pitit ou a ye kounye a, oswa nan yon Sant Byenveni pou Fanmi (Family Welcome Center ([schools.nyc.gov/WelcomeCenters](https://schools.nyc.gov/WelcomeCenters))).

**Èske m ka retire pitit mwen an sou lisdatant yo?** Wi! Si w pa vle sou okenn lisdatant ankò, ou ka retire pitit ou a sou lisdatant sou entènèt nan MySchools ([🔗 MySchools.nyc](https://www.myschools.nyc.gov)), atravè lekòl pitit ou a ye kounye a, oswa nan yon Sant Byenveni pou Fanmi (Family Welcome Center ([schools.nyc.gov/WelcomeCenters](https://schools.nyc.gov/WelcomeCenters))).


**Kòman mwen ka wè sou ki lisdatant pitit mwen an ye?** Si pitit ou a otomatikman sou tout lisdatant, lèt òf ou a gen ladan yon lis pwogram sa yo. A nenpòt kilè, ou ka chèche sou ki lisdatant pitit ou a ye nan MySchools ([🔗 MySchools.nyc](https://www.myschools.nyc.gov)) oswa kontakte lekòl pitit ou a ye kounye a.

**Èske mwen ka wè plas pitit mwen an sou lisdatant la?** Wi! Ou ka wè pozisyon pitit ou a sou tout lisdatant yo lè w ale sou MySchools ([🔗 MySchools.nyc](https://www.myschools.nyc.gov)) oswa kontakte lekòl pitit ou a ye kounye a.

**Èske tout lekòl yo pral fè òf sou lisdatant?** Tout lekòl yo sof 9 Lekòl segondè espesyalize yo gen lisdatant. Lekòl ki ofri plis pase yon pwogram ap gen yon lisdatant pou chak pwogram. Pou chak pwogram, yo fè plis òf pase gen plas ki disponib. Sa vle di kèk lekòl ka pa fè òf sou lisdatant, menmsi kèk elèv refize òf la.

**Èske pozisyon pitit mwen an sou lisdatant la ta ka chanje?** Wi. Pozisyon pitit mwen an sou lisdatant la pral chanje si yon pwogram fè òf sou lisdatant, oswa si elèv yo nan yon gwoup priyorite pi wo vin sou lisdatant la.

**Kòman m ap konnen si pitit mwen an jwenn yon òf sou lisdatant?** Si yon lekòl ofri pitit ou a yon plas sou lis datant lan, y ap kontakte w dirèkteman nan telefòn. Si w te soumèt aplikasyon w lan sou entènèt nan [🔗 MySchools.nyc](https://www.myschools.nyc.gov), ou pral resevwa tou yon avi nan imèl epi w ap ka wè òf la nan MySchools.



### **Avèk kiyès mwen ka pale si m gen kesyon sou lisdatant?**

- Pale avèk konseye pedagojik pitit ou a.
- Ale nan yon Sant Byenveni pou Fanmi (Family Welcome Center)—jwenn adrès avèk lè yo fonksyone nan [schools.nyc.gov/WelcomeCenters](https://schools.nyc.gov/WelcomeCenters)

**Konbyen tan m ap gen pou decide si mwen vle aksepte yon òf sou yon lisdatant?** Si pitit ou an resevwa yon òf sou lisdatant, lekòl la pral bay yon delè kote ou dwe aksepte oswa refize òf la.

**Kòman mwen ka aksepte oswa refize yon òf sou lisdatant?** Ou ka aksepte oswa refize yon òf sou lisdatant sou entènèt nan MySchools ([🔗 MySchools.nyc](https://schools.nyc.gov)) oswa dirèkteman nan yon pwogram pa telefòn. Ou bezwen yo ede w? Mande konseye lekòl ou a oswa ale nan yon Sant byenveni pou fanmi.

**Si mwen aksepte yon òf sou lisdatant, èske l ap ranplase òf mwen gen kounye a?** Wi. Pitit ou an ka sèlman gen yon òf alafwa. Si w aksepte yon òf sou lisdatant, li pral ranplase òf pitit ou an gen nan moman an.

**Èske gen òf sou lisdatant pou elèv ki gen andikap?** Wi. Chak pwogram lekòl presegondè ak lekòl segondè gen plas pou elèv nan edikasyon jeneral ak plas pou elèv ki gen andikap. Gen yon lisdatant separe pou chak gwoup elèv. Sa vle di si pitit ou an elijib pou plas pou elèv ki gen andikap, li pral sou lisdatant elèv ki gen andikap; si pitit ou an pa elijib, li pral sou lisdatant pou elèv nan edikasyon jeneral. Kont [🔗 MySchools.nyc](https://schools.nyc.gov) ou an pral montre ki gwoup plas (ak lisdatant) pitit ou an elijib pou yo. Se pa yon bagay ou ka chwazi ni chanje—aprann plis enfòmasyon nan Gid Admisyon Lekòl Presegondè oswa Gid Admisyon Lekòl Segondè.

### **Kòman yo detèmine pozisyon pitit mwen an sou chak lisdatant?**

- Pou lisdatant yo, yo ajoute pitit ou an otomatikman: Si yon pwogram aksepte elèv dapre gwoup priyorite, l ap fè lisdatant nan lòd gwoup priyorite yo. Pou tout pwogram ki itilize yon metòd admisyon evalyasyon dosye, pozisyon elèv la sou lisdatant ap baze sou kòman pwogram lan klase yo nan gwoup priyorite yo; pou tout lòt pwogram, y ap klase elèv yo oza anndan gwoup priyorite yo.
- Pou lisdatant ou ajoute pitit ou a: Si w ajoute pitit ou a sou lòt lisdatant, pozisyon pitit ou an ap deyè tout lòt elèv nan menm gwoup priyorite ki deja sou lisdatant la.

**Èske mwen ka ajoute pitit mwen an sou lisdatant yon pwogram ki fè evalyasyon dosye elèv?** Wi. Men si pwogram sa a pat sou alikasyon orijinal pitit ou a, lekòl la pat mete l sou lis.

**Jwenn plis enfòmasyon sou lisdatant.**



[schools.nyc.gov/High](https://schools.nyc.gov/High) | [schools.nyc.gov/Middle](https://schools.nyc.gov/Middle)